Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

Гумбет районалъул газета



№ 22-23 (6655) 9 май 2019 с. Хамиз Рамазан 1440 с. Багьа - эркенаб

БАРКИ

## Баркула КIудияб Бергьенлъиялъ 74 сон тIубай

**ХIурматиял районцоял! Гьале, тIаде щвана, Советияб халкъалъ КIудиб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 74 сон тIубаялъул байрам. Дунялалъулго цебетIураб инсаниятаьъ жакъа кIодо гьабулеб буго Бергьенлъиялъул къо- Гитлерилаб фашизм щущахъ биххизабураб къо.**

РекIелъ чIухIигун, рохалилаб асаргун дандчIвай гьабула гьеб байрамалда щибаб соналъ. Тушманасда тIад бергьенлъи босизелъун, рухIалда барахщичIого рагъана кьалул авлахъазда Бакълъулазул районалдаса нус-нус рагъухъан. 1380 рагъухъанасдасан 866 чияс кьуна жидерго хIасратаб рухI КIудияб Бергьенлъиялъе гIоло, кор боркьараб рагъул байдабазда хутIана гьел.

ТIад руссаразулги цониги чи хутIун гьечIо районалда. Сонал анагIан мигьлъана нилъер бахIарчиял рагъул ветеранал, исана байрамалъул къо баркизе цониги чи хутIун гьечIо гьезул. Нилъеца кIудияб пашманлъигун ракIалде щвезарула рагъда хваралги, араб бакI лъачIого тIагIаралги, рокъоре тIад руссун хадур абадияб рокъоре аралги. Эркенлъиялъе ва ВатIаналъул чияда бачIолъиялъе гIоло рагъаразе даимаб рецц. КигIан сонал свераниги, заман аниги, нилъеда, нилъер наслабазда кIочене бегьуларо рагъухъаби, гьез гьарурал бахIарчиял ишал, ракьалда рекъел букIинабизе гьез бахъараб хIаракат.

Дунялалда тIад кверщел гьабизе къасдалда, гитлерилал Советазул улкаялда тIаде кIанцIана тохлъукьего. Рагъулаб лагералде сверана тIолабго улка. Рагъда гуребги, халкъалъ тIолабго къуват буссинабуна тылалда хIалтIиялдеги. Къасикъад чIечIого бергьенлъи щвеялъе гIоло захIматалъул фронталда руччабазги, харабазги, балугълъиялъул гIужде рахинчIел лъималазги квербакъана. Рецц ва хIурмат гьезие.

Биччанте тIокIаб киданиги рагъ ккунгутIизе, халкъазул вацлъи, гьудуллъи щулалъизе.

ХIурматиял районцоял! Баркула киназдаго КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 74 сон тIубай. Гьарула киназего щулияб сахлъи, талихI-рохел, гьабулеб хIалтIулъ икъбал!

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер**
**ХIажимурад МухIамадов**

ХЪАХIАЛ КЪУНКЪРАБИ

## ВатIанияб тIалаб тIобитIулаго, ТIерхьарал цIвабзазул цIар кIоченаро



НОМЕРАЛДА РУГО:



675 гектаралда рекьи гьабун буго

-2 гьум.



Аслудин МухIамадовасул гвангъараб гIумру

-3 гьум.



Украинаялъул гIорхъода, Сахалиналда, япониязулгун рагъда...

-4 гьум.



Ветераназул лъудбузухъе щвана

- 4 гьум.

Масала, гIакъилас гIадан теларо,
Тушман вугониги, гIадада хвезе.
Инхоса ГIали-хIажи



БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

# 675 гектаралда рекьи гьабун буго

**6 маялда, Бакълъулазул районалъул администрациялда тIобитIана федералиял, республикаялъулал ва муниципалиял идарабазул вакилзаби, учреждениязул, гIуцIабазул нухмалъулел, райадминистрациялъул аппараталъул, бакIалъулаб самоуправлениялъул органазул вакилзаби гIахьаллъараб данделъи. Гьенир гьоркьорлъуна росдал магIишат цебетIезабиялъул, лъалъадиялъул система лъикIлъизабиялъул ва цогидалги суалал.**



Данделъи рагьана ва бачана районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Хьарагишиевас.

РФялъул пенсиязул фондалъул Гумбеталда бугеб отделалъул нухмалъулев ТIалхIат Жамалудиновас пенсиязул индексация гьабиялъул, Дагъистанстаталъул бетIерав специалист-эксперт МухIамад Лабазановас кварталалъул отчетал кьеялъул бицана.

Ветеринарияб управлениялъул нухмалъулев ГIали ГIалиевас абуна бруцеллезалда ва цоги унтабазда данде чIарал хIалтIаби тIоритIула, бичизе качество гьечIел рахьдал продуктаби ва гьан биччангутIиялъе тадбирал гьарулел ругилан.

Районалъул централияб больницаялъул бетIерав врачасул ишал тIуразарулев МухIамадхIабиб Абакаровас баян кьуна сах гьариялъул учреждениялда дараби ругин ва хIажатаб медицинаялъул кумек гьабизе шартIал гIуцIун ругин.

«Сельсовет "Мехельтинский"» росдал поселениялъул бетIер МухIамад ГIабдунасировас бицана КIудияб Бергьенлъиялъул кьоялде хIадурлъиялъул ва газ бачин кин унеб бугебали.

Лъедалъун хьезариялъул, республикаялъулаб «ЖКХ ва шагьаралъул шартIал» программаялда гIахьаллъиялъул, ЦIияб Аргъвани школалъул мина баялъул бугеб хIалалъул суалазда тIадчIей гьабуна районалъул архитектураялъул ва бакIал раялъул рахъалъ бетIерав специалист ХIажимурад АхIмаднабиевас.

Бакълъулазул районалъул торгIо хIалезул тIаса бищараб командаялъ Курах районалда тIоритIарал къеццазда лъабабилеб бакI ккуна. Игьалир тIобитIана Аслудин МухIамадовасул цIаралда торгIо хIаялъул турниралъул байбихьи, КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 74 сон тIубаялъул хIурматалда. Гьелъул хIакъалъулъ бицана лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулесул заместитель НурухIма МухIамадовас.

Районалъул администрациялъул экономикаялъул, росдал магIишаталъул, буголъиялъул гьоркьорлъабазул ва ЖКХялъул отделалъул нухмалъулесул заместитель Ибрагьим Ибрагьимовас бицана жакъа къоялде ихдалил культураби хъутабазда рекьун ругин 675 гектаралда. Хьиндаллъиялда хурзал, ахал лъалъалел руго.

Юридическияб отделалъул нухмалъулев Хайрудин Халидовас рорхана учреждениязгIуцIабаз къайи-цIа босиялда хурхараб хIаракатчилъи низамалде ккезабиялъул, учреждениялъул иргадулал хIалтIабазул суалал. Лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухIамадовас ОГЭ, ЕГЭ кьеялде, культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIмановас 9 маялъул байрам тIобитIиялде хIадурлъиялъул, районалъул бетIерасул коррупциялда данде къеркьеялъул рахъалъ кумекчи НурмухIамад ГIизудиновас 2019 соналъул декларационнияб кампаниялъул хIасилазул баян кьуна.

МухIамад Хьарагишиевас данделъиялъул хIасилал гьаруна, киназдего хитIаб гьабуна жеги лъикI хIалтIеян, бюджетниял учреждениязхIаракатчилъи борхизабеян.

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**

АНТИТЕРРОР

# ГIадлу-низам ва росаби лъедалъун хьезари

### Терроризмалда данде къеркьеялъул комиссиялъул данделъи тIобитIана районалъул администрациялда

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялда тIобитIана терроризмалда данде къеркьеялъул комиссиялъул данделъи.**



Данделъиялда гIахьаллъи гьабуна Бакълъулазул районалъул администрациялъул бетIерасул заместителал МухIамад Хьарагишиевас, Малик Маликовас, пачалихъияб хIинкъигьечIолъи цIуниялъул, гIадлу-низам, парахалъи цIуниялъул органазул вакилзабаз, районалъул имам Шамил Назировас ва цогидазги.

Терроризмалда данде къеркьеялъул комиссиялъул данделъиялда гьоркьор лъуна КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 74 сон тIубаялъул байрамалде хIадурлъулаго ва гьеб тIобитIулаго гIадлу-низам, хIинкъи гьечIолъи цIуниялъул, гьединго лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъ, Гумбеталъул гIолилазул централъ терроризмалда данде къеркьеялъул рахъалъ гьабураб хIалтIул, Бакълъулазул район лъедалъун хьезабиялъул бугеб хIалалъул хIакъалъулъ суалал.

Рехсарал суалазда хурхун кIалъаял гьаруна Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъул нухмалъулесул ишал тIуразарулев, жанисеб хъулухъалъул подполковник ГIамир ГIамировас, централияб больницаялъул бетIерав тохтурасул ишал тIуразарулев МухIамадхIабиб Абакаровас, цIа ккеялдаса цIуниялъул идараялъул нухмалъулев МухтарахIмад АхIмадовас, культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель МухIамад ГIумардибировас, лъайкьеялъул, физическияб культураялъул, спорталъул отделалъул специалист ГIабдула МухIамадовас, Гумбеталъул гIолилазул централъул нухмалъулев МухIамад Макашариповас ва цогидазги.

Гьоркьор лъурал суалазда тIасан хIукмабиги къабул гьаруна.

**«Гумбет» РИО**

# ЧIиркъатIа, Лъанлъари-тарихиял сиял, ЦIаналъ - гьалбадерил рукъ...

### Тарихиял памятникал къачIаялъул ва цIуниялъул суалал

**Бакълъулазул районалъул администрациялда гIуцIана муниципалитеталда туризм цебетIеялъул суалазда хурхун гIадамал къабул гьари.**

ГIадамал къабул гьаруна Дагъистаналъул туризмалъул ва халкъиял художественниял махщелазул рахъалъ министрасул кумекчи НурмухIамад МухIамадовас, ДРялъул туризмалъул министерствоялъул туристазулабгун рекреационнияб комплекс цебетIезабиялъул Управлениялъул нухмалъулесул заместитель Шарип Муриловас ва «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хьарагишиевас. Гьеб тадбиралда гIахьаллъана районалъул администрациялъул культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIманов, гьесул заместитель МухIамад ГIумардибиров ва цогидалги.



Фотомухбир, культураялъул ва туризмалъул отделалъул специалист Гебек Гебековас борхана туристлъиялъул маршрутазул экспертиза гьаби хехлъизабизе ккеялъул суал.

ГIалибег Тахо-Годил цIаралда бугеб республикаялъул миллияб музеялъул ЧIиркъатIа бугеб филиалалъул хIалтIухъан Тажли МухIамадовалъ гьарана Гьадари лъаралъ цIад банщинахъе чурун биххизехъин бугеб басрияб си цIуниялъе кумек гьабеян. Абуна МугIрузул улкаялъул маданияб ирслъун кколеб гьеб си цIунизе дамба базе кколин.

«Сельсовет "Цунди-Шабдухский"» росдал поселениялъул нухмалъулесул заместитель Мавлидин Мурадовас цебе лъуна ИчичIали росулъ пахьул тIагIелал гьарулеб халкъияб махщел цебетIезабиялъул рахъкквеялъул суал.

«Сельсовет "Игалинский"» АСПялъул Лъанлъари росдал ракьалда бугеб гьоркьохъел гIасрабазул си буго ГIанди гIорул рагIалдегIан, МахIачхъала-Болъихъ шагьранухдаса гIемер рикIкIад гьечIеб бакIалда. Лъанлъари росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул нухмалъулев СагIид Шамиловас борхана гьеб тарихияб памятник къачIаялъе кумек гьабиялъул суал.

ЦIаналъ росулъ гьалбадерил рукъзал рагьизе ккелин суал цебе лъуна ГIалиасхIаб ПатахIовас ва ГIали Сайгиднуровас. Гьенир руго тIабигIиял «холодильникал», накIкIил рохь, лъел чвахиял ва цогидалги бакIал.

Дагъистаналъули туризмалъул ва халкъиял художественниял махщелазул рахъалъ министрасул кумекчи НурмухIамад МухIамадовас, Бакълъулазул районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Хьарагишиевас, ДРялъул туризмалъул министерствоялъул туристазулабгун рекреационнияб комплекс цебетIезабиялъул Управлениялъул нухмалъулесул заместитель Шарип Муриловас рагIи кьуна, ресалда рекъон, гIадамал къабул гьарулаго рорхарал суалал тIураялъе кумек гьабизе.

Гьеб тадбир лъугIун хадур гьалбал щвана церегосел сиял ругел бакIазде ва цогидалги тарихиялгун маданиял туристазулал объектазде.

**«Гумбет» РИО**

# Централияб больницаялъул хIалтIухъаби-субботникалда

**Республикаялъего гIаммаб субботникалдаги КIудияб Бергьенлъиялъ 74 сон тIубаялъул хIурматалда тIобитIараб гьединабго тадбиралдаги гIахьаллъана районалъул централияб больницаялъул хIалтIухъаби. Больницаялъул азбар ва сверухълъи бацIцIад гьабуна гьез.**

Районалъул больницаялъул бетIерав тохтурасул ишал тIуразарулев МухIамадхIабиб Абакаровас абуна тохтурзабаз, медсестрабаз, техническиял хIалтIухъабаз больницаялъул азбаралдаса ракъварал гьутIби нахъе рахъанин, байдан бацIцIад гьабунин, тIугьдул чIолеб ракь беганин, рищникъул нахъе бачанин.

**«Гумбет» РИО**

КIУДИЯБ БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪ -74 СОН

## Украинаялъул гIорхъода, Сахалиналда, японияЗулгун рагъда...

**Тимирханил вас Юсуп гьавуна 1925-абилеб соналъ Бакълъулазул районалъул Т1ад Инхо росулъ. 1943-абилеб соналъ, жиндиего бокьун г1арзаги кьун, гьев ана К1удияб Ват1анияб рагъде. Гьеб мехалъ Юсуп вук1ана Мелъелт1а школалда 8 классалда ц1алулев 17 сон барав гьит1инав г1олохъанчи.**



Юсупил рагъулаб нух байбихьун буго Тифлисалда. Гьениб г1емер заман бач1ого, рит1ун руго Ереваналде ругьунлъабазде. Лъабго моц1алъ ругьунги гьарун, Юсупги гьесул гьалмагълъиги рит1ула Ростов областалде, Украинаялъул г1орхъоде. Гьенив гьев т1оцебесеб нухалъ ккана кор боркьараб рагъулъе. Гьениб лъана гьесда рагъул кьогIлъи, бихьана тушманасул вахIщилъи. 1944-абилеб соналъул ахиралда жиндирго рагъул частгун цадахъ гьев вит1ана Сахалиналде. 1945-абилеб соналъ Юсупица г1ахьаллъи гьабуна японияЗулгун бук1араб рагъда.

Рагъ лъуг1ун хадуса, гьес Сахалиналда бана жеги 5 сон. Рагъдаса вач1ун заман иналдего, гьев ах1ана Мелъелт1е райком комсомоладе х1алт1изе. Гьелдаго цадахъ х1алт1улев вук1ана судалда таржамачилъун, г1урус мац1 лъалев чи х1исабалда. 1954-абилеб соналъ х1алт1изе лъугьана сбербанкалде. 1960-абилеб соналъ гьесда т1адкъана Болъихъ районалъул инструкторскияб отделалъе нухмалъи гьабизе. 1964-абилеб соналъ Т1ад Инхо росдал советалъул бет1ерлъун х1алт1изе г1агараб росулъе т1адвуссана. К1иго соналдасан Юсупида т1адкъана росдал колхозалъе нухмалъи гьабизе. 1970- 1995 соназда хIалтIана росдал библиотекаялъул заведующийлъун. Гьелдаса хадувги рокъов г1одов ч1ун гьесул рак1 сасунароан. Ахикь, хуриб х1алт1и гьабулаан. Кив х1алт1изе кканиги, щиб т1ад къаниги, рак1бац1ц1адго т1убазабулаан Юсупица. Г1емераб къо бихьарав чиги вук1ана гьев. Бух1араб бакъукьги балеб г1азукьги 14 сон барав чи Турхъали аэропорт балеб бак1алда х1алт1ана. Гьев Аллагьасул къадаралде щвана 2014 соналъул марталда. Аллагьас мунагьал чурун ратаги.

**ПатIимат Юсупова**

МЕТЕР МАГIАРУЛ МАЦI ХВЕЗЕ БАТАНИ...

## «ТIоцебесеб рахъ бахъи» асаралдасан рагьараб дарс

**Бакълъулазул районалъул ЦIаналъ росулъ тIобитIана авар мацIалъул мугIалимазул данделъи**





ЩИВГО КIОЧОН ГЬЕЧIО, ЩИБГО КIОЧОН ГЬЕЧIО

## Ветераназул лъудбузухъе щвана

**КIудияб Бергьенлъиялъ 74 сон тIубаялъул байрамалда цересел къояз Бакълъулазул районалъул росабалъ маданиял учреждениязул, библиотекабазул хIалтIухъаби, цIалдохъаби щвана КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIазул къоролзабахъе. Гъоркьехун хъвалеб буго Гьарадирихъ, МелъелтIа, ТIад Инхо росабалъ гьезулгун тIоритIарал дандчIваязул хIакъалъулъ.**



Бакьулъ Гьарадирихъ росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул нухмалъулев, Афгъанистаналда рагъулал тунка-гIусиязул гIахьалчи Багьавудин МухIамадов ва библиотекаялъул нухмалъулев Мухтар МуртазагIалиев щвана рагъул ветераназул къоролзаби Муъминат ИбнухIажаровалъухъе ва Жавгьарат МухIамадовалъухъе.

МелъелтIа росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул нухмалъулей ГIазра РурухIмаевалъги гIуцIана гьединабго тадбир ва дандчIвай гьабуна ГIайшат МухIамадовалъулгун.

ТIад Инхо росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул нухмалъулей ПатIимат МухIамадова школлъималгун дандчIвана Умасалимат ГIабдулаевагун. Гьелъ бицана рагъул соназул, жавабал кьуна цIалдохъабазул суалазе.

Лъабабго росдал маданиял хIалтIухъабаз рагъул ветераназул къоролзабазда баркана КIудияб Бергьенлъиялъ 74 сон тIубаялъул байрам, гьарана гьезие сахлъи, халатаб гIумру.

Харабаз жидехъе рачIаразе баркала загьир гьабуна.

**«Гумбет» РИО**

НУХАЛГИ МЕХАЛГИ

## СахаватчагIаз кумек гьабуна

**9 маялде Сагъри-ЦIияб Аргъвани шагьранух цIигьабун къачIана**

**КIудияб Бергьенлъиялъул къо-9 маялде, Бакълъулазул районалда Сагъри-ЦIияб Аргъвани шагьранух цIи гьабун къачIалеб буго сахаватчагIазул гIарцулаб кумекалдалъун.**



«Сельсовет “Аргванинский”» росдал поселениялъул бетIер АхIмадбег Ибрагьимовас баян гьабуна МахIачхъала-Болъихъ республикаялъулаб кIвараалъул шагьранухгун эргъвендерил росаби цолъизарулеб Сагъри-ЦIияб Аргъвани нух къачIазе гIарцулал сурсатал кьунилан.

«Нижеца капиталияб ремонт гьабулеб буго Сагъри-ЦIияб Аргъвани нухалъе. Материалияб, техникияб, физическияб рахъкквей гьабуна росуцоял Пазулав МухIамадовас, МухIамад ГIабдурахIмановас, НурмухIамад НурмухIамадовас ва цогидазги. Нух гIатIид гьабуна, гьенибе чабах баччана, грейдералъ битIизабуна.

«Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутат НурмухIамад ГIалиевас эргъвендерил божи лъезабуна 2020 соналъ гьеб нухда хъил тIезе букIиналда. Баркала загьир гьабула нухал къачIаялъе, росаби берцин гьариялъе кверкъулел киназего»,-ян абуна АхIмадбег Ибрагьимовас.

Сагъри-МелъелтIа-ЦIияб Аргъвани нухда МухIамад Шигьабудиновас рана как балел рукъзал бихьиназеги ручабазеги. Бан лъугIана ва хIалтIулеб буго буго Рамазан моцIалъ кIал биччазе нухлулал рачине кафе.

**«Гумбет» РИО**

## 8350 хIайваналдаса би бахъана

**Бруцеллезалда, хIунсул, къочIол унтиялда данде уколал гьаруна**

**Бакълъулазул мухъалъул ветеринарияб идараялъул нухмалъулев ГIали ГIалиевас жавабал кьолел руго жамгIияб кIвар бугел суалазе.**

**– ГIали, бокьилаан бицине гьаб соналъул тIоцебесеб кварталалда гьабураб хIалтIул.**

– Гьаб соналъул тIоцебесеб кварталалда, планалда рекъон, бахъизе кколаан бруцеллез бугищан 5-азарго хIайваналдаса би, бахъана 8350 хIайваналдаса. Гьелдаго цадахъ гьаруна бруцеллезалда данде уколалги. Батана 12 хIайваналда бруцеллез – 8 хъутаналда, 4 – магIарухъ. Хъутаналда ратарал хIайванал хъуна. МагIарухъ ругезул бетIергьабаз, жанир тун, кьаралъизегIан хьихьун руго. Гьединго цо-цо росабалъ гьаруна хIунсул, къочIол унтиялда данде уколал. 2700-гIанасеб гIиядаса би бахъана бруцеллез бугищан.

**– ГьабсагIат ветхIалтIухъабазда церечIарал масъалаби кинал ругел?**

– Май моцIалда, хъутабаздаса роолил мучIдузде гIи гочиналде, гьаризе руго ящуралда, къочIол, чанхъил унтиялда данде уколал. Гочиналде, чурун хадур, гьабизе буго харил унтиялда данде уколги. Гочунаго, цадахъ рукIине руго ветхIалтIухъаби. Роолил мучIдузде рахиндал, тIинчIалъе кьезе буго цунтруз-да данде дару. Бахъизе буго гIиядаса би, гьаризе руго бруцеллезалда данде уколал.

26 марталда ветуправлениялда, киналго росабалъ ругел ветхIалтIухъабиги гIахьаллъун, тIобитIараб данделъиялда бицана тIоцебесеб кварталалда гьабураб хIалтIул ва кIиабилеб кварталалда гьаризе ругел хIалтIабазул.

**ГIайшат Исламбиева**

ДОКУМЕНТЫ

# Собрание депутатовмуниципального образования «Село Гадари »

от «27» февраля 2019 г. № 1 **Р е ш е н и е** с. Гадари

**«Об утверждении отчета об исполнении бюджета МО «Село Гадари» за 2018 год**

Руководствуясь Бюджетным кодексом Российской Федерации и Федеральным законом Российской Федерации от 06 октября 2003 года №131-ФЗ « Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Бюджетным Законодательством Республики Дагестан, Уставом АСП «Село Гадари», послушав доклад главы сельского поселения об исполнении бюджета МО «Село Гадари» за 2018 год Собрание депутатов:

РЕШАЕТ:

1.Утвердить отчет об исполнении бюджета МО «Село Гадари» Гумбетовского района за 2018 год:

- по доходам в сумме 2343,4 тыс. рублей согласно приложению №1 к настоящему решению

- по расходам в сумме 2328,2 тысяча рублей, согласно приложению №2 к настоящему решению.

Настоящее решение вступает в силу с момента принятия и подлежит официальному опубликованию в районной газете «Гумбет»

**Председатель Собрания**
**Магомедов М.Ю.**

**Приложение № 1**
**к решению Собрания депутатов сельского поселения «Село Гадари»**
**от «27» февраля 2019 г. № 1**

## Доходы бюджета сельского поселения «Село Гадари» за 2018 год

(тыс. руб.)

| Наименование показателей | КОДЫ классификации доходов бюджета | План на 2018 год | Фактически исполнено за 2018 год | % исполнения |
|---|---|---|---|---|
| Налог на доходы физических лиц | 18210102010011000110 | 2 | 1 | 50,0 |
| Налог на имущество физических лиц | 18210601030100000110 | 3 | 3 | 100,0 |
| Пеня на налог на имущество физич.лиц | 18210601030100000110 | | | |
| Единый сельскохоз.налог | 182 | | | |
| Земельный налог (пп1п1ст394) | 18210606033101000110 | 25 | 49,4 | 197,6 |
| Пения на земельный налог (пп1п1ст394) | 18210606033102100110 | | | |
| Земельный налог (пп2п1ст394) | 18210606043101000110 | | | |
| Пеня на земельный налог (пп2п1ст394) | 18210606043102100110 | | | |
| **ИТОГО СОБСТВЕННЫХ ДОХОДОВ** | | **30,0** | **53,4** | **347,6** |
| **БЕЗВОЗМЕЗДНЫЕ ПОСТУПЛЕНИЯ** | | **2291,0** | **2290,0** | **100,0** |
| **Дотация сельскому поселению из ФФПП** | **00120201001100000151** | **995** | **994** | **99,9** |
| **Субсидии в.т. числе** | | **1214,0** | **1214,0** | 100,0 |
| субсидии бюджетам бюджетной системы Российской Федерации (межбюджетные субсидии) | 001 20229999100000151 | 109 | 109 | 100,0 |
| *Субсидии бюджетам поселений на строительство, модернизацию, ремонт и содержание автомобильных дорог общего пользования* | 00120202041100000151 | 580 | 580 | 100,0 |
| **Иные межбюджетные трансферты в т.ч.** средства *бюджетам поселений на выполнение переданных полномочий* | 00120204014100000151 | 525 | 525 | 100,0 |
| **Субвенция** | | **82,0** | **82,0** | **100,0** |
| | **в том числе** | | | |
| ЗАГС | 00120203003100000151 | 1 | 1 | 100,0 |
| Выполнение полномочий по первичному воинскому учету на территориях, где отсутствуют военные комиссариаты (ВУС) | 00120203015100000151 | 81 | 81 | 100,0 |
| **ВСЕГО ДОХОДОВ** | | **2321,0** | **2343,4** | **101,0** |

**Приложение № 2**
**к решению Собрания депутатов сельского поселения «Село Гадари»**
**от «27» февраля 2019 г. № 1**

## Исполнение бюджета по расходам сельского поселения «Село Гадари» за 2018 год

(тыс. руб.)

| Наименование | адм. | Рз | ПР | ЦСР | Лимит бюджетных обязательств на 2018год | Кассовые выплаты за 2018 год | % выполнения |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ВСЕГО | | | | | 2321,0 | 2328,2 | 100,3 |
| Общегосударственные вопросы | 001 | 01 | 00 | | 902,0 | 899,0 | 99,7 |
| Функционирование Правительства РФ, высших исполнительных органов госуд. власти субъектов РФ, местных администраций | 001 | 01 | 04 | 9900010040 | 902,0 | 899,0 | 99,7 |
| Национальная оборона | 001 | 02 | 00 | | 81,0 | 81,0 | 100,0 |
| Мобилизация и вневойсковая подготовка (ВУС) | 001 | 02 | 03 | 9980051180 | 81,0 | 81,0 | 100,0 |
| Национальная безопасность и правоохранительная деятельность | 001 | 03 | 00 | | 1,0 | 0,8 | 75,0 |
| Органы юстиции (ЗАГС) | 001 | 03 | 04 | 9980059300 | 1,0 | 0,8 | 75,0 |
| Национальная экономика | 001 | 04 | 00 | | 580,0 | 580,0 | 100,0 |
| Дорожный фонд | 001 | 04 | 09 | 9900040200 | 580,0 | 580,0 | 100,0 |
| Жилищно-коммунальное хозяйство | 001 | 05 | 00 | | 742,0 | 752,4 | 101,4 |
| Благоустройство | 001 | 05 | 03 | 9900040010 | 742,0 | 752,4 | 101,4 |
| **Культура и кинематография** | ***001*** | ***08*** | ***00*** | | **5,0** | **5,0** | **100,0** |
| *Молодежная политика* | *001* | *08* | *01* | *9900080010* | 5,0 | 5,0 | 100,0 |

# Собрание депутатов муниципального образования «Сельсовет “Цилитлинский”»

от «26» марта 2019 г. № 6 **Р е ш е н и е** с. Цилитль

## Доходы бюджета сельского поселения «Сельсовет “Цилитлинский”» за 2018 год

Руководствуясь Бюджетным кодексом Российской Федерации и Федеральным законом Российской Федерации от 06 октября 2003 года №131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Бюджетным Законодательством Республики Дагестан, Уставом АСП «Сельсовет “Цилитлинский”», послушав доклад главы сельского поселения об исполнении бюджета МО «Сельсовет “Цилитлинский”» за 2018 год Собрание депутатов:

РЕШАЕТ:

1.Утвердить отчет об исполнении бюджета МО «Сельсовет “Цилитлинский”» Гумбетовского района за 2018 год:

- по доходам в сумме 3992,7 тыс. рублей, согласно приложению №1 к настоящему решению

- по расходам в сумме 3867,9тысяча рублей, согласно приложению № 2 к настоящему решению. (источником финансирования дефицита бюджета 2018 года является остаток бюджетных средств на 01.01.2018 г. -153,5,0 тыс.руб)

2. Настоящее решение вступает в силу с момента принятия и подлежит официальному опубликованию в районной газете «Гумбет»

**Председатель Собрания**
**А.И.Давудгаджиев**

**(Продолжение - на 6 стр.)**

ДОКУМЕНТЫ

Приложение № 1
к решению Собрания депутатов сельского поселения «Сельсовет "Цилитлинский"»
от «26» марта 2019 г. №6

## Доходы бюджета сельского поселения «Сельсовет "Цилитлинский"» за 2018 год

(тыс. руб.)

| Наименование показателей | КОДЫ классификации доходов бюджетов | План на 2018 год | Фактически исполнено за 2018 год | % исполнения |
|---|---|---|---|---|
| Налог на доходы физических лиц | 18210102010011000110 | 24,0 | 26,1 | 108,8 |
| Налог на имущество физических лиц | 18210601030100000110 | 41,0 | 45,9 | 112,0 |
| Пения на налог на имущество физич.лиц | 18210601030100000110 | | | |
| Единый сельскохоз.налог | 182 | 3,0 | 1,2 | 40,0 |
| Земельный налог (пп1п1ст394) | 18210606033101000110 | 183,0 | 91,0 | 49,7 |
| Пеня на земельный налог (пп1п1ст394) | 18210606033102100110 | | | |
| Земельный налог (пп2п1ст394) | 18210606043101000110 | | | |
| Неналоговые доходы | | | | |
| **ИТОГО СОБСТВЕННЫХ ДОХОДОВ** | | **251,0** | **164,2** | **65,4** |
| **БЕЗВОЗМЕЗДНЫЕ ПОСТУПЛЕНИЯ** | | **3604,8** | **3604,8** | **100,0** |
| **Дотация сельскому поселению из ФФПП** | **00120201001100000151** | **2264,0** | **2264,0** | **100,0** |
| **Субсидии в.т числе** | | **1466,0** | **1466,0** | 100,0 |
| *Субсидии бюджетам поселений на строительство,модернизацию, ремонт и содержание автомобильных дорог общего пользования* | 00120202041100000151 | **380,0** | **380,0** | 100,0 |
| *Выполнение полномочий* | 00120200204110000151 | **862,0** | **862,0** | 100,0 |
| **Иные межбюджетные трансферты в т.ч.** средства *бюджетам поселений на выполнение переданных полномочий* | 00120204014100000151 | **224,0** | **224,0** | 100,0 |
| **Субвенции** | | **98,8** | **98,8** | **100,0** |
| | **в том числе** | | | |
| ЗАГС | 00120203003100000151 | 6,0 | 6,0 | 100,0 |
| Выполнение полномочий по первичному воинскому учету на территориях, где отсуствуют военные комиссариаты (ВУС) | 00120203015100000151 | 92,8 | 92,8 | 100,0 |
| **ВСЕГО ДОХОДОВ** | | **4079,8** | **3992,7** | **97,9** |

Приложение № 2
к решению Собрания депутатов сельского поселения «Сельсовет "Цилитлинский"»
от «26» марта 2019 г. № 6

## Исполнение бюджета по расходам сельского поселения «Сельсовет "Цилитлинский"» за 2018 год

(тыс. руб.)

| Наименование | адм. | Рз | ПР | ЦСР | Лимит бюджет ных обязательств на 2018год | Кассо вые выпла ты за 2018 год | % выпол нения |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **ВСЕГО** | | | | | **4146,1** | **3867,9** | **93,3** |
| **Общегосударственные вопросы** | **001** | **01** | **00** | | **1927,2** | **1916,2** | **99,4** |
| Функционирование Правительства РФ, высших исполнительных органов госуд.власти субъектов РФ, местных администраций | 001 | 01 | 04 | 9900010040 | 1927,2 | 1916,2 | 100,0 |
| **Национальная оборона** | **001** | **02** | **00** | | **92,8** | **92,8** | **100,0** |
| Мобилизация и вневойсковая подготовка (ВУС) | 001 | 02 | 03 | 9980051180 | 92,8 | 92,8 | 100,0 |
| **Национальная безопасность и правоохранительная деятельность** | **001** | **03** | **00** | | **6,0** | **6,0** | **100,0** |
| Органы юстиции (ЗАГС) | 001 | 03 | 04 | 9980059300 | 6,0 | 6,0 | 100,0 |
| **Национальная экономика** | **001** | **04** | **00** | | **380,0** | **219,7** | 57,8 |
| Дорожный фонд | 001 | 04 | 09 | 9900040200 | 380,0 | 219,7 | 57,8 |
| ***Жилищно-коммунальное хозяйство*** | ***001*** | ***05*** | ***00*** | | **1071,1** | **986,3** | **92,1** |
| Благоустройство (+ полномочия) | *001* | *05* | *03* | *9900040010* | 1071,1 | 986,3 | 92,1 |
| **Культура и кинематография** | ***001*** | ***08*** | ***00*** | | **640,0** | **620,9** | **97,0** |
| *Культурно- досуговый центр* | *001* | *08* | *01* | *9900080010* | 640,0 | 620,9 | 97,0 |
| **Молодежная политика** | ***001*** | ***07*** | ***07*** | ***9900070050*** | **29,0** | **26,0** | 89,7 |
| Молодежная политика | *001* | *07* | *07* | *9900070050* | 29,0 | 26,0 | 89,7 |
| **Физкультура и спорт** | ***001*** | ***11*** | ***02*** | ***9900090100*** | **0,0** | **0,0** | |
| **Генеральное планирование села** | | | | | **0,0** | **0,0** | |

# Собрание депутатов муниципального образования «Село Данух»

от «25» марта 2019 г. № 03 **Решение** с. Данух

## «Об утверждении отчета об исполнении бюджета МО «Село Данух» за 2018 год

Руководствуясь Бюджетным кодексом Российской Федерации и Федеральным законом Российской Федерации от 06 октября 2003 года №131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Бюджетным Законодательством Республики Дагестан, Уставом АСП «Село Данух», послушав доклад главы сельского поселения об исполнении бюджета МО «Село Данух» за 2018 год Собрание депутатов:

РЕШАЕТ:

1.Утвердить отчет об исполнении бюджета МО «Село Данух» Гумбетовского района за 2018 год:

- по доходам в сумме 3160,4 тыс. рублей, согласно приложению №1 к настоящему решению

- по расходам в сумме 2627,6 тысяча рублей, согласно приложениию №2 к настоящему решению. (источником финансирования дефицита бюджета 2018 года является остаток бюджетных средств на 01.01.2018 г. -11.5 тыс.руб)

2. Настоящее решение вступает в силу с момента принятия и подлежит официальному опубликованию в районной газете «Гумбет»

**Председатель Собрания**
**М.И.Курбаналиев**

Приложение № 1
к решению Собрания депутатов сельского поселения «Село Данух»
от «25» марта 2019 г. № 3

## Доходы бюджета сельского поселения «Село Данух» за 2018 год

(Продолжение - на 7 стр.)

ДОКУМЕНТЫ

(Начало -на 6 стр.)

(тыс. руб.)

| Наименование показателей | КОДЫ классификации доходов бюджета | | | |
|---|---|---|---|---|
| Налог на доходы физических лиц | 18210102010011000110 | | | |
| Налог на имущество физических лиц | 18210601030100000110 | | | |
| Пения на налог на имущество физич.лиц | 18210601030100000110 | | | |
| Единый сельскохоз.налог | 182 | 3,0 | 0,2 | 6,7 |
| Земельный налог (пп1п1ст394) | 18210606033101000110 | | | |
| Пеня на земельный налог( пп1п1ст394) | 18210606033102100110 | | | |
| Земельный налог (пп2п1ст394) | 18210606043101000110 | | | |
| Неналоговые доходы | | | | |
| **ИТОГО СОБСТВЕННЫХ ДОХОДОВ** | | **74,0** | **132,4** | **178,9** |
| **БЕЗВОЗМЕЗДНЫЕ ПОСТУПЛЕНИЯ** | | **2426** | **2453,0** | **101,1** |
| **Дотация сельскому поселению из ФФПП** | **00120201001100000151** | | | |
| **Субсидии в.т. числе** | | | **300,0** | #ДЕЛ/0! |
| *Субсидии бюджетам поселений на строительство, модернизацию, ремонт и содержание автомобильных дорог общего пользования* | 00120202041100000151 | | | |
| **Иные межбюджетные трансферты в т.ч.** средства *бюджетам поселений на выполнение переданных полномочий* | 00120204014100000151 | | | |
| **Субвенции** | | **73,0** | **95,0** | **130,1** |
| | **в том числе** | | | |
| ЗАГС | 00120203003100000151 | | | |
| Выполнение полномочий по первичному воинскому учету на территориях, где отсутствуют военные комиссариаты (ВУС) | 00120203015100000151 | | | |
| **ВСЕГО ДОХОДОВ** | | **2473,0** | **3160,4** | **127,8** |

**Приложение № 1**
**к решению Собрания депутатов сельского поселения «Село Данух**
**от «25» марта 2019 г. № 3**

## Исполнения бюджета по расходам сельского поселения «Село Данух» за 2018 год

(тыс. руб.)

| Наименование | адм. | Рз | ПР | ЦСР | Лимит бюджет ных обязательств на 2018год | Кассо вые выпла ты за 2018 год | % выпол нения |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **ВСЕГО** | | | | | **3160,0** | **2627,6** | **83,2** |
| **Общегосударственные вопросы** | **001** | **01** | **00** | | **1699,0** | **1710,5** | **100,7** |
| Функционирование Правительства РФ, высших исполнительных органов госуд.власти субъектов РФ, местных администраций | 001 | 01 | 04 | 9900010040 | 1699,0 | 1710,5 | 100,7 |
| **Национальная оборона** | **001** | **02** | **00** | | **70,0** | **92,8** | **132,6** |
| Мобилизация и вневойсковая подготовка (ВУС) | 001 | 02 | 03 | 9980051180 | 70,0 | 92,8 | 132,6 |
| **Национальная безопасность и правоохранительная деятельность** | **001** | **03** | **00** | | **3,0** | **2,2** | **73,3** |
| Органы юстиции (ЗАГС) | 001 | 03 | 04 | 9980059300 | 3,0 | 2,2 | 73,3 |
| **Национальная экономика** | **001** | **04** | **00** | | **300,0** | **0,0** | 0,0 |
| Дорожный фонд | 001 | 20 | 22 | 041100000 | 300,0 | 0,0 | 0,0 |
| Иные межбюджетные трансферты в т.ч. средства бюджетам поселений на выполнение переданных полномочий | 001 | 20 | 24 | 014100000 | 275,0 | 30,8 | 11,2 |
| **Жилищно-коммунальное хозяйство** | ***001*** | ***05*** | ***00*** | | **211,0** | **188,9** | **89,5** |
| Благоустройство | *001* | *05* | *03* | *9900040010* | 211,0 | 188,9 | 89,5 |
| **Культура и кинематография** | ***001*** | ***08*** | ***00*** | | **572,0** | **572,4** | **100,1** |
| *Културно -досуговый центр* | *001* | *08* | *01* | *9900080010* | 572,0 | 572,4 | 100,1 |
| **Социальная политика** | ***001*** | ***10*** | ***00*** | | **0,0** | **0,0** | ###### |
| Пенсионное обеспечение (доплата к пенс) | *001* | *10* | *01* | *9900090010* | 0,0 | 0,0 | ###### |
| **Физкультура и спорт** | ***001*** | ***11*** | ***02*** | ***9900090100*** | **30,0** | **30,0** | **100,0** |
| **Генеральное планирование села** | | | | | **0,0** | **0,0** | |

# Собрание депутатов муниципального образования «Село Чирката»

**от «22» марта 2019 г. № 04** **Решение** **с. Чирката**

## «Об утверждении отчета об исполнении бюджета МО «Село Чирката» за 2018 год

Руководствуясь Бюджетным кодексом Российской Федерации и Федеральным законом Российской Федерации от 06 октября 2003 года №131-ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Бюджетным Законодательством Республики Дагестан, Уставом АСП «Село Чирката», послушав доклад главы сельского поселения об исполнении бюджета МО «Село Чирката» за 2018 год Собрание депутатов:

РЕШАЕТ:

1.Утвердить отчет об исполнении бюджета МО «Село Чирката» Гумбетовского района за 2018 год:

- по доходам в сумме 5521,0 тыс. рублей, согласно приложению №1 к настоящему решению

- по расходам в сумме 5422,5 тысяча рублей, согласно приложению №2 к настоящему решению. (источником финансирования дефицита бюджета 2018 года является остаток бюджетных средств на 01.01.2018 г -11,4 тыс.руб)

2. Настоящее решение вступает в силу с момента принятия и подлежит официальному опубликованию в районной газете «Гумбет»

**Председатель Собрания**
**Х.Д.Магомедов**

**Приложение № 1**
**к решению Собрания депутатов сельского поселения «Село Чирката»**
**от «22» марта 2019 г. №4**

## Доходы бюджета сельского поселения «Село Чирката» за 2018 год

(Продолжение - на 8 стр.)

ДОКУМЕНТЫ

(Начало - на 7 странице)

## Доходы бюджета сельского поселения «Село Чирката» за 2018 год

| Наименование показателей | КОДЫ классификации доходов бюджета | | | |
|---|---|---|---|---|
| Налог на доходы физических лиц | 18210102010011000110 | | | |
| Налог на имущество физических лиц | 18210601030100000110 | | | |
| Пения на налог на имущество физич.лиц | 18210601030100000110 | | | |
| Единый сельскохоз.налог | 182 | 0 | 0.9 | 1800,0 |
| Земельный налог( пп1п1ст394) | 18210606033101000110 | | | |
| Пеня на земельный налог (пп1п1ст394) | 18210606033102100110 | | | |
| Земельный налог (пп2п1ст394) | 18210606043101000110 | | | |
| Неналоговые доходы | | 600,0 | 655,0 | 109,2 |
| **ИТОГО СОБСТВЕННЫХ ДОХОДОВ** | | **1045,0** | **1205,8** | **100,8** |
| **БЕЗВОЗМЕЗДНЫЕ ПОСТУПЛЕНИЯ** | | **1929,0** | **2364,0** | **122,6** |
| **Дотация сельскому поселению из ФФПП** | **00120201001100000151** | | | |
| **Субсидии в.т. числе** | | | **479,0** | #ДЕЛ/0! |
| *Субсидии бюджетам поселений на строительство ,модернизацию, ремонт и содержание автомобильных дорог общего пользования* | 00120202041100000151 | | | |
| **Иные межбюджетные трансферты в т.ч.** средства *бюджетам поселений на выполнение переданных полномочий* | 00120204014100000151 | | | |
| **Субвенции** | | **69,0** | **87,2** | **126,4** |
| | **в том числе** | | | |
| ЗАГС | 00120203003100000151 | | | |
| Выполнение полномочии по первичному воинскому учету на территориях, где отсуствуют военные комиссариаты (ВУС) | 00120203015100000151 | | | |
| Неналоговые доходы | 00111705050100000180 | | | |
| **ВСЕГО ДОХОДОВ** | | **2974,0** | **5521,0** | **185,6** |

**Приложение № 2**
**к решению Собрания депутатов сельского поселения «Село Чирката**
**от «22» марта 2019 г. № 4**

## Исполнение бюджета по расходам сельского поселения «Село Чирката» за 2018 год

(тыс. руб.)

| Наименование | адм. | Рз | ПР | ЦСР | Лимит бюджетных обязательств на 2018год | Кассо вые выплаты за 2018 год | % выпол нения |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **ВСЕГО** | | | | | **3453,0** | **5422,5** | **157,0** |
| **Общегосударственные вопросы** | **001** | **01** | **00** | | **2051,0** | **3020,2** | **147,3** |
| Функционирование Правительства РФ, высших исполнительных органов госуд.власти субъектов РФ, местных администраций | 001 | 01 | 04 | 9900010040 | 2051,0 | 3020,2 | **147,3** |
| **Национальная оборона** | **001** | **02** | **00** | | **61,0** | **81,2** | **133,1** |
| Мобилизация и вневойсковая подготовка (ВУС) | 001 | 02 | 03 | 9980051180 | 61,0 | 81,2 | 133,1 |
| **Национальная безопасность и провохранительная деятельность** | **001** | **03** | **00** | | **8,0** | **6,0** | **75,0** |
| Органы юстиции (ЗАГС) | 001 | 03 | 04 | 9980059300 | 8,0 | 6,0 | 75,0 |
| **Национальная экономика** | **001** | **04** | **00** | | **300,0** | **807,7** | 269,2 |
| Дорожный фонд | 001 | 04 | 09 | 9900040200 | 300,0 | 807,7 | 269,2 |
| **Жилищно-коммунальное хозяйство** | ***001*** | ***05*** | ***00*** | | **324,0** | **1135,0** | **350,3** |
| Благоустройство | *001* | *05* | *03* | *9900040010* | 324,0 | 1135,0 | 350,3 |
| **Культура и кинематография** | ***001*** | ***08*** | ***00*** | | **440,0** | **282,4** | **64,2** |
| *Культурно досуговый центр* | *001* | *08* | *01* | *9900080010* | 440,0 | 282,4 | 64,2 |
| **Социальная политика** | ***001*** | ***10*** | ***00*** | | **60,0** | **60,0** | 100,0 |
| Пенсионное обеспечение (доплата к пенсии) | *001* | *10* | *01* | *9900090010* | 60,0 | 60,0 | 100,0 |
| **Физкультура и спорт** | ***001*** | ***11*** | ***02*** | ***9900090100*** | **30,0** | **30,0** | **100,0** |
| **Иные межбюджетные трансферты в т.ч. средства бюджетам поселений на выполнение переданных полномочий** | **001** | **20** | **24** | **014100000** | **179,0** | **179,0** | **100,0** |

БетIерав редактор
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул
адрес: 368930 Гумбет район,
МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков
телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос»
типографиялда
Типографиялъул адрес:
МахIачхъала, Пушкинил
къватI, 6

Газета къватIибе бачIунаан
«Гумбеталъул колхозчи»,
«Вождасул васиятал»,
«Бакълъулазул нур» абурал
цIаразда гъоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1063
Газета къватIибе
биччазе гъулбасана,
графикалда рекъон: 16 с. 00,
хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций
по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.